**EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH**
Innovative Academy Research Support Center
**UIF = 8.1 | SJIF = 5.685** www.in-academy.uz




# AKCIONERLIK JÁMIYETLERDI SHÓLKEMLESTIRIWDIŃ ULIWMA QAĞIYDALARI

**Saparbaev Salamat Joldasbaevich**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti
70420115 – "Huqıq hám biznes" qánigeligi 2-kurs magistranti
https://www.doi.org/10.5281/zenodo.7816308

**ARTICLE INFO**

Received: 02nd April 2023
Accepted: 10th April 2023
Online: 11th April 2023

**KEY WORDS**

*Akciya, akcioner, akcionerlik jámiyetleri, akcionerlik birlespeler, akcionerlik jámiyetlerdi shólkemlestiriw, ustav, múlk huqıqi, huqıqıy tiykar, nızam.*

**ABSTRACT**

*Bul maqalada Ózbekstan Respublikasında akcionerlik jámiyetlerdi shólkemlestiriwdiń uliwma qag'iydalari haqqinda sóz etildi. Bunda temaǵa baylanisli arnawlı normatıv-huquqıy hújjetler metodologıyalıq derek bolip belgilendi.*

**KIRISIW**

Ózbekstan Respublikasinda jeke menshiktiń rawajlaniwi hám oniń tiykarında bazar múnásibetleriniń ámelge asırılıwı jeke menshik huqıq jıyındısın payda etiwshi huqıq tarawları normalarınıń mazmunın qayta ańlawǵa júdá úlken tásir kórsetedi.

Ózbekstan Respublikası Puqaralıq kodeksi normaları tiykarınan menshik huqıq formaları tiykarında jaratılǵan. Puqaralıq kodeksi normaları mazmunı hám dúzilisin anıqlawdıń dáslepki tiykarı PK-ń 1-statyasındaǵı tómendegi qaǵıydada kórsetilgen: «Puqaralıq nızam hújjetleri olar tárepinen tártipke salınatuǵın múnásibetler qatnasıwshılarınıń teńligin kórsetiwge, múlktiń qol-qatılmaslıǵına, shártnamanıń erkinligine, menshik islerine birde-bir kisiniń ózbasımshalıq penen aralasıwına jol qoyılmaslıǵına, puqaralıq huqıqlardı tosqınlıqsız ámelge asırılıwın, buzılǵan huqıqlar tikleniwin, olardıń sud arqalı qorǵalıwın támiyinlew zárúrligine tiykarlanadı». Usı tiykarǵı ózgerisler puqaralar hám olardıń birlespelerin mámleket qattı tártipke salıwdan azat etedi. Olar «nızamda sheklenbegen hámme nárse ruxsat etiledi» túsinigine tiykarlanıp óz jumısları qaǵıydaların erkin tárizde belgilew imkaniyatına iye boladı. Bul yuridikalıq shaxs sıpatında tán alınǵan, birlesken qarjı tiykarında xojalıq yamasa jámiyetlik paydalı jumıs júrgizip atırǵan shólkemler – akcionerlik jámiyetlerge de tolıq tárizde tiyisli.

Akcionerlik birlespelerimizdiń iskerlik nátiyjeliligin anıq bahalap, olardı sırt ellerdegi usınday kárxanalar menen salıstırıp kórip shıǵıw maqsetke muwapıq. Sebebi, búgingi kúnde ekonomikalıq rawajlanǵan ellerde, ásirese, sanaat tarawında menshiktiń usı forması áhmiyetli orın iyeleydi.

Sonday-aq, ámeldegi mámleket basshımız Sh.M.Mirziyoyev jańa isbilermenlik subyektlerin shólkemlestiriw hámde iskerligin toqtatqan kárxanalardı qayta tiklewge kómeklesiw kerekligi haqqında óz bayanatlarında aytıp ótken. [1]

**ÁDEBIYATLAR ANALIZI HÁM METODLAR**

Bul maqalanı analizlew processinde sistemalılıq hám obyektivlik metodlarınan keń paydalanıldı. Ózbekstan Respublikasi Prezidenti Shavkat Mirziyoyevtiń miynetleri, sonday-aq temaǵa baylanislı sırt el ham respublikamız alımlariniń miynetlerinen keń paydalanıldı. Arnawlı normatıv-huquqıy hújjetler metodologıyalıq derek bolip belgilendi.

**TALQILAW HÁM NÁTIYJELER**

Ayırım alımlardıń pikirinshe, shólkemlestiriw processi eki basqıshtan ibarat, yaǵnıy:

- tayarlaw basqıshı (shólkemlestiriwshi xújjetlerdi islep shıǵıw hám tastıyqlaw, shólkemlestiriw haqqındaǵı qarardı qabıllaw, basqarıw organların tastıyqlaw h.t.b.).
- mámleketlik dizimnen ótkiziw basqıshı (bul juwmaqlawshı basqısh bolıp, mámleketlik organ tárepinen dizimnen ótkerilgenligi haqqındaǵı guwalıqtı berip, tiysli reestrge kiritilgennen keyin subyekt sıpatında háreket etiwge huqıq payda boladı). [2,95]

«Akcionerlik jámiyetleri hám akcionerlerdiń huqıqların qorǵaw haqqında»ǵı Ózbekstan Respublikasınıń Nızamına [4] tiykarlanıp, akcionerlik jámiyetlerin shólkemlestiriw hám qayta shólkemlestiriw usılları arqalı qáliplestiriledi.

Jámiyetti shólkemlestiriw haqqındaǵı qarar shólkemlestiriw májilisi tarepinen qabıl etiledi. Jámiyetti bir shaxs tarepinen shólkemlestirgen jaǵdaylarda onı shólkemlestiriw haqqındaǵı qarar usı shaxs tarepinen qabıl etiledi. Shólkemlestiriw májilisi tómendegi úsh tiykargı máseleni sheshiwi lazım; jámiyetti shólkemlestiriw, onıń ustavın tastıyıqlaw, jámiyetti basqarıw organların saylaw. Bunda qarar kórsetilgen izbe-izlikte qabıl etiliwi kerek. Dawıs beriw nátiyjeleri shólkemlestiriw májilisi bayannamasında kórsetiliwi lazım.

Shólkemlestiriwshiler bir neshe bolǵan jaǵdaylarda olar ortasında jámiyetti shólkemlestiriw barısında sherikliktegi xızmetti támiyinlewge qaratılǵan shólkemlestiriw shártnaması dúziledi. Bunday jaǵdaylarda jámiyetti shólkemlestiriw olar tárepinen birgeliktegi háreketlerdi ámelge asırıw tártibi, jámiyet ustav fondınıń muǵdarı, shólkemlestiriwshiler ortasındaǵı úlestirilgen akciyalardıń túrleri hám formaları, jámiyetti shólkemlestiriw boyınsha shólkemlestiriwshilerdiń huqıq hám minnetleri sıyaqlı máseleler kelisilip alınadı.

Zárúr bolǵan jaǵdaylarda shólkemlestiriwshiler shártnamada nızamǵa qayshı bolmaǵan hár qanday qaǵıydalardı kiritiw múmkin. Shólkemlestiriwshiler ortasında olar óz moynına alǵan wazıypaların orınlamaǵan jaǵdaylarda múlkiy jazalardıń qollanılıwı názerde tutılıwı múmkin bolǵan shártnama dúziliwine jol qoyıladı.

Akcionerlik jámiyeti bir shaxs tárepinen qarar shıǵarıw arqalı shólkemlestirilgen jag’daylarda bir neshe shólkemlestiriwshiler tárepinen dúziletuǵın akcionerlik jámiyetine uqsap derlik birdey mazmundı qurawı kerek. Bunday jag’daylarda jeke tartipte qabıl etilgen hújjet – qarar shólkemlestiriwshiniń ashıq jámiyet dúziw hám onıń ustavın tastıyıqlaw haqqındaǵı erkin sáwlelendiredi.

Jámiyetti shólkemlestiriw, onıń ustavın, qımbatlı qaǵazlardıń bahası hám de pul bahasına iye bolǵan akcionerler tárepinen jámiyet akciyasın satıp alıw nátiyjesinde kelip shıǵatuǵın basqa múlkiy huqıqlardı tastıyıqlaw sıyaqlı áhmiyetli máseleler boyinsha qararlar

shólkemlestiriwshiler tárepinen qabıl etiledi. Bunday jag’daylarda hesh bolmasa tek bir ǵana shólkemlestiriwshiniń narazılıǵı qarardı qabıl etip bolmaslıǵı jag’dayin keltirip shıǵaradı.

Akcionerlik jámiyetiniń qatnasıwshıları akcionerler dep ataladı. Jámiyet ustav fondına óz múlkin kiritiw arqalı akcionerler akcionerlik jámiyeti múlkine qarata ózleriniń múlk huqıqın tastıyıqlawshı hújjet – akciyaǵa iye boladı. Sol mánide «akciya» túsinigi «múlk» túsiniginde emes, bálkim múlk huqıqın tastıyıqlawshı hújjet sıpatında túsiniledi. [5,121] Solay etip, shólkemlestiriwshiler bul jámiyetti shólkemlestiriw baslaması menen shıǵatuǵın shaxslar bolsa, qatnasıwshılar olardıń materiallıq bazasın qáliplestiriw ushın óz múlklerin kiritken shaxslar esaplanadı. Sonnan kelip shıǵıp, bir shaxs bir waqıttıń ózinde jámiyettiń shólkemlestiriwshisi hám qatnasıwshısı bolıwı múmkin.

Jámiyetti shólkemlestiriw ózinde puqaralıq huqıq hám qatnasıq uqıplılıǵına iye bolǵan shaxslar – shólkemslestiriwshilerdiń erkin sáwlelendiredi. Shólkemlestiriw majilis yaki konferenciya akcionerler erkin birlestiriw usılı esaplanadı.

Shólkemlestiriw májilisi:

- akcionerlik jámiyetin shólkemlestiriw haqqında qarar qabıl etedi hám onıń ustavın tastıyıqlaydı;
- akcionerlerge artıqsha aǵza qabıl etedi yaki biykar etedi, akciyalarǵa artıqsha aǵza qabıl etilgen jaǵdayda ustav fondı tiyisli ráwishte kóbeytiriledi;
- shólkemlestiriw barısında shólkemlestiriwshiler tárepinen dúzilgen shártnamalardı tastıyıqlaydı;
- shıǵarılıp atırǵan akciyalar túrlerin hám de olardıń sanın belgileydi;
- jámiyettiń baqlaw keńesin atqarıw komissiyasın saylaydı.

Shólkemlestiriw májilisinde dawıs beriw aǵzalar qoskan úleslerine muwapıq ótkeriledi. Shólkemmlestiriw májilisi qararların apiwayı kópshilik dawısı menen qabıl etedi. Shólkemlestiriw shártnamasın ózgertiriw haqqındaǵı qararlar qabıl etilip atırǵan jag’daylardan tısqarı, bunda barlıq qatnasıwshılardıń razılıǵı talap etiledi.

Ustav yaki shólkemlestiriw shártnaması hám ustav yamasa shólkemlestiriwshilerdiń shólkemlestiriw májilisi qararı menen tastıyıqlanǵan, tek shólkemlestiriw shártnaması jámiyettiń shólkemlestiriw hújjetleri bolıwı múmkin.

Ustav hám jámiyetti shólkemlestiriw haqqındaǵı shártnamanıń parqı sonda, ustav barlıq akcionerlerge hám akcionerlik jámiyetiniń organlari ushın májbúriy esaplansa, shártnama tek onı imzalaǵan shólkemlestiriwshiler ushın májbúriy esaplanadı.

Ustav tiyisli jámiyet xızmetin hám onıń áhmiyetli shólkemlestiriwshilik máseleleri menen baylanıslı jag’daylardı tártipke salatuǵın lokal normativ huqıqıy hújjet esaplanadı. Bul hújjettiń huqıqıy kúshi onıń barlıq akcionerler ushın májbúriyligi tek ǵana ustavtıń emes shólkemlestiriwshiler tárepinen tastıyıqlanıwı faktına, keyinshelik jámiyetti mámleket dúziminen ótkeriwge de tiykarlanadı.

**JUWMAQ**

Akcionerlik jámiyetlerdi shólkemlestiriw institutı menshik huqıqtıń eń qızıqlı tarawı esaplanadı. Barlıq akcionerlik jámiyetler ushın shólkemlestiriwdiń belgilengen formaları hám tiyisli nızamshılıq ólshemleri mashqalalar tuwdırmaqta. Házirgi dáwirde bul taraw boyınsha kommersiyalıq emes shólkemlerdi óz aldına shólkemlestiriw huqıqıy formalarınıń ózgeriwi

menen baylanıslı bolǵan, bálkim kommersiyalıq emes shólkemlerdegi yuridikalıq shaxstıń sawda mekemelerine hám kerisinshe bolǵan munásibetlerine talap júdá úlken.

Bul is kóbirek akcionerlik jámiyetler haqqındaǵı nızamshılıqtıń keleshekte paydalanıwǵa qaratılǵan dástúr kórinisine iye. Uliwmalastirip aytqanda maqalamizda akcionerlik jámiyetlerdi shólkemlestiriwdiń huqiqıy mashqalaları, sonday-aq, milliy teoriyalıq tiykarları úyrenildi, ekonomikalıq rawajlanǵan mámleketlerdiń korporativ nızamshılıq bazası hám huqıqtı qollaw tájiriybesi analiz etildi.

## References:

1. Мирзиёев Ш.М. Ягона йўлимиз – тадбиркорлар сонини кўпайтириш, одамларни ишбилармон қилиш. Ўзбекистон Республикаси Президенти раислигида 2018 йил 8 январь куни Давлат бюджети параметрларини ижро этиш ва ҳудудларда тадбиркорликни ривожлантириш бўйича устувор вазифаларга бағишланган видеоселектор йиғилиши. https://gov.uz/uz/news/view/25840
2. Дозорцев В.А. Образование, реорганизасія и ликвидасія юридических лиц. – М.: Юридическая литература, 1984. – 95 б.;
3. Юлдашев.Ж., Киргизалиев.К. Юридик шахсларни ташкил этиш усуллари. // «Фуқаролик қонунчилигининг ривожланиши ва долзарб муаммолари». Ҳалқаро илмий-амалий конференция. – Т.: ТДЮИ, 2005. – 449 б.
4. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1996 й., 5-6-сон, 61-модда; 1997 й., 2-сон, 56-модда; 1998 й., 3-сон, 38-модда; 9-сон, 181-модда; 1999 й., 9-сон, 229-модда; 2001 й., 1-2-сон, 23-модда; 2003 й., 1-сон, 8-модда; 9-10-сон, 149-модда.
5. Раҳмонқулов Х.Р., Гулямов С.С. Корпоратив ҳуқуқ. Дарслик. – Т.: ТДЮИ, 2007. – 121 б.